

Chè Fanmi,

Nou swete oumenm ak pwòch ou yo sennesof ak ansante.

Nou tout nan Depatman edikasyon DOE pran anpil fyète lè nou wè kijan timoun ak edikatè kontan reyini ak aprann ansanm ane sa a. Pandan tout tan, nou kenbe santeak sekirite kòm premye bagay nan tout sa nou fè.

Pandan y ap fèmem bilding lekòl leta yo tanporèman, pwogram gadri timoun piti DOE yo nan òganizasyon Kominotè Community Based Organizations (CBO) ak gadri nan anviwonman kay fanmi yo ap rete ouvè pou sèvis an pèsòn. **Ou resevwa lèt sa a poutèt pitit ou an ale nan yon pwogram gadri pou timoun ki pral rete ouvè pou sèvis anpèsòn pandan tanporè lekòl lan.**

Nou konnen edikasyon ak swen gadri esansyèl pou pitit ou, epi nou vle asire w sekirite fanmi w rete pi gwo priyorite nou. Nou sipòte pwogram pitit ou a pou kenbe yon anviwonman sennesof pou aprantisaj tout tan. Pou plis enfòmasyon sou pratik sante ak sekirite pou fanmi elèv pwogram debitan yo, ou ka gade [Health and Safety Guidance for Early Childhood Families](#) nan bit.ly/ECEathome.

Men kèk rapèl enpòtan pou fanmi w:

- Pitit ou ak estaf la nan pwogram yo, gen **aksè priyorite pou tès COVID-19** nan 22 lokal y ap bay egzamen an, epi yo pral bay tès yo gratis ak rezilta prese-prese. Pou plis enfòmasyon, ou ka ale nan [Health and Safety page](#) sou sit wèb DOE an (ou ka jwenn li nan schools.nyc.gov/returntoschool2020).
- Si pitit ou an ale nan yon **pwogram Learning Bridges**, li pral rete ouvè tou pou pandan fèmte tanporè lekòl lan. Ou ka jwenn plis eksplikasyon sou Learning Bridges ak aplike nan schools.nyc.gov/learningbridges oswa nan telefòn 311.
- Kontinye pratike "**Kat bagay debaz**" yo: lave men ou, mete yon bagay pou kouvri figi w, kenbe sis pye distans avèk lòt moun, epi rete lakay ou si w santi w malad.

N ap kontinye kenbe w okouran, sipòte oumenm ak tout moun nan fanmi DOE a, pandan kriz sante piblik sa a ap kontinye evolye. Pandan tan sa a, tanpri pa ezite kontakte pwogram pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid. Nou rekonesan anpil anvè ou pou kolaborasyon w ak tout sa ou fè pou vil nou an.

Avèk senserite,
Divizyon Edikasyon pou Debitan

